# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNDA KEYINGI JÍLLARDA XALÍQ SANÍNÍŃ ÓSIWI HÁM JAYLASÍWÍNDAǴÍ AYÍRÍM ÓZGESHELIKLER

**I.A.Atamuratov,**
*Ájiniyaz atındaģı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı magistrantı*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15170700

Regionlıq ekonomika pániniń tiykarshılarınan biri U.Ayzart pikirinshe, ol yáki bul aymaqtıń xojalıǵı quramalı jumbaq bolıp, onı sheshiwde áyne xalıq buwınınan baslaw kerek. Haqıyqattanda, xalıq quramalı sociallıq-ekonomikalıq kategoriya bolıp, onıń menen islep shıǵarıw «basınan aqırına shekem» ajıralmas baylanıslı. Sebebi miynet resurslarısız islep shıǵarıw bolmaydı, islep shıǵarıw bolsa xalıq ushın kerek, materiallıq hám ruwxıy baylıqlardı jaratıwshıda, olardı tutınıwshıda tiykarınan usı xalıq, yaǵnıy adamlardıń málim aymaqtaǵı birligi esaplanadı [2].

Qaraqalpaqstan Respublikası xalqınıń sanı, 2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına boyınsha, 2002,7 mıń adamǵa teń. Aytıp ótiw kerek, demografiyalıq potenciyalı tárepinen Qaraqalpaqstan Ózbekstan Respublikası wálayatları arasında ortasha dárejeden pás orınǵa iye bolıp, regionda Ózbekstan jámi xalqınıń 5,4 payızı jasaydı.

Joqarıdaǵı analizlerden sonı juwmaq qılıw múmkin, regionda xalıqtıń ósiwi unamlı bolıwına qaramay onıń ósiwi tómenlemekte. Nátiyjede Ózbekstandaǵı úleside kemeymekte. Tábiyiy ósiw Qaraqalpaqstanda Ózbekstanǵa salıstırǵanda tómenligi menen xarakterlenedi. Demografiyalıq ósiwdiń tómenlew tendenciyası eki faktordıń tásiri menen baylanıslı: tuwılıwdıń tómenlewi hám xalıq migraciya aǵımınıń kóbeyiwi.

Respublika xalqı úzliksiz tárizde ósip barmaqta. 2015-jıl1-yanvar jaǵdayına respublika xalqı 1763,1 mıń adamǵa teń bolǵan, 2024-jılǵa kelip, 2 mln adamǵa jetken. Ótken dáwir aralıǵında xalıq sanı hár jılı, ortasha esapta 26,6 mıń adamǵa artıp barǵan. Sol jıllar dawamında xalıq sanı 113,6 payızǵa ya bolmasa, hár jıl sayın 12,6 payızǵa kóbeygen.

Bul kórsetkish region admistrativlik-territoriyaları boyınsha túrlishe bolǵan.

Atap ótiw kerek, Qaraqalpaqstan Respublikası rayonları xalıq sanınıń ósiw páti boyınsha bir birinen keskin parıqlanadı hám onıń aymaqlıq ózgesheliklerine túrli faktorlar tásir qılǵan.

Qaraqalpaqstannıń arqa rayonlarında xalıq ósiwi pátleri áste-aqırın bolıp atır. Bul tiykarınan, Aral boyı regionında unamsız ekologiyalıq jaǵday sebepli júzege kelgen migracion jaǵday menen baylanıslı. Buǵan baylanıslı eń mashqalalı jaǵday

Taxtakópir rayonına tán bolıp, 2015-jıl basında bul rayonda 38,8 mıń adam jasaǵan bolsa, 2024-jıl jıl basına kelip, 38,9 mıń adamdı quraǵan.

Atap aytqanda, xalıq sanınıń kóbeyiwi Nókis, Ellikqala, Beruniy, Tórtkúl hám Ámiwdárya rayonlarında respublika kórsetkishinen joqarı bolǵan. Bul rayonlarda respublika xalqınıń 43,5 payızı jasaydı. Qalǵan admistrativlik-territoriyalarda xalıq sanınıń ósiwi respublikanıń ortasha kórsetkishinen tómen esaplanadı.

Admistrativlik-territoriyalarda xalıqtıń túrlishe ósiwi olardıń úlesi hám tıǵızlıǵında ózgerislerge alıp kelgen. Xalıq úlesine kóre Nókis qalası (16,9 payız) birinshi, Tórtkúl rayonı (11,4 payız) ekinshi, Ámiwdárya rayonı (10,6 payız) úshinshi, Beruniy rayonı (10,3 payız) tórtinshi orında turadı. Olardıń hár birinde xalıq úlesi 10 payızdan joqarı. Bul admistrativlik-territoriyalarda respublika jámi xalqınıń 50 payızǵa shamalas bólegi jaylasqan.

Demografiyalıq potencialdıń eń tómen muǵdarı Bozataw (1,1 payız) hám Moynaq (1,7 payız) rayonlarına tuwrı keledi.

Admistrativlik-territoriyalardıń tábiyiy sharayatı, sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwı, xalıq sanınıń kóbeyiwi hám aymaqlıq ayırmashılıqları xalıq jaylasıwına óz tásirin kórsetedi. Region boyınsha xalıq jaylasıwınıń ortasha tıǵızlıǵı 1 $km^2$ qa 12,0 adamnan ibarat bolǵan jaǵdayda, ol Moynaq rayonında 0,9 adam, Taqıyatas rayonında 426,6 adamdı quraydı. Xalıqtıń tıǵızlıǵı Moynaq, Taxtakópir, Qońırat, Qaraózek hám Bozataw rayonlarında Qaraqalpaqstannıń ortasha kórsetkishinen tómen esaplanadı. Bul rayonlar respublika aymaǵınıń 85,8 payızın iyelegen jaǵdayda region xalqınıń 14,2 payızı jasaydı. Xalıqtıń tiykarǵı bólegi Ámiwdárya hám irrigaciya imaratları boyında jaylasqan. Respublikanıń úlken bólegin iyelep turǵan Ústirt platosında (70 mıń $km^2$) xalıq siyrek jaylasqan bolsa, Qızılqum shóli (32 mıń $km^2$) de turaqlı xalıq mákan-orınları joq. Ústirt platosında xalıq punktleri Qońırat-Beynew magistral temir hám avtomobil jolları boyında hám paydalı qazılma kánleri tiykarında payda bolǵan qalashalarda jaylasqan.

Tuwılıw hám ólim proceslerine xalıqtıń turmıs sharayatı, tálim hám urbanzaciya dárejesi, tábiyiy-ekologiyalıq sharayatı, mámleket tárepinen ámelge asırılıp atırǵan demografiyalıq siyasatı, neke hám ajırasıwlar kólemi, jaslardıń óz shańaraqların sanalı túrde rejelestiriliwi, hayallardıń sociallıq islep shıǵarıwǵa keń tartılıwı, xalıqtıń milliy hám etnik quramı, sonday-aq, diniy isenimi hámde úrp-ádetleri sıyaqlı bir qatar faktorlar tásir qıladı [1].

Respublikanıń xalqı 2015-2024-jıllar dawamında tuwılıwshılıqtıń qala hám awıllıq orınlar boyınsha alıp qarasaq respublikada bul jıllar dawamında qalalıq orınlarda 112 payızǵa, awıllıq orınlarda 115 payızǵa ósken. Rayonlar esabında ósiw kórsetkishi respublika kórsetkishinen joqarı bolǵan Ellikqala, Qanlıkól, Beruniy,

Moynaq, Nókis, Ámiwdárya, Tórtkúl rayonları jetekshilik qıladı. Nókis, Beruniy, Tórtkúl, Ellikqala, Ámiwdárya rayonlarınıń awıllıq orınlarındaǵı tuwılıwshılıqtıń respublikanıń awıl orınlarınıń kórsetkishinen joqarı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Ембергенов Н.Ж. Қорақалпоғистон Республикаси аҳолисининг ўсиши ва жойланишидаги ўзгаришлар: геог. фан. Номзоди диссертация автореферати. –Т., 2011. – 24 б.
2. Солиев А.С. хәм басқалар. Минтақавий иқтисодиёт. Т.: Университет, 2003. 78 б.
3. Қурбонов Ш.Б. Ўзбекистон қишлоқ туманлари ижтимоий-иқтисодий географияси / Монография. - Т.: MUNTOZ SO'Z, 2019. 226 б.
4. Утепова Г. Б., Узакбаев К. К. РОСТ НАСЕЛЕНИЯ РЕСПУБЛИКИ КАРАКАЛПАКСТАН И ЕГО ГЕОГРАФИЧЕСКИЕ СВОЙСТВА ТЕРРИТОРИАЛЬНОЙ ОРГАНИЗАЦИИ //Экономика и социум. – 2021. – №. 10 (89). – С. 1121-1130.
5. Утепова Г. Б., Махсетбаев Н. Б. НАУЧНОЕ ОПИСАНИЕ ДЛЯ СТРАН С ДОЛГОЖИТЕЛЯМИ //SCIENTIFIC APPROACH TO THE MODERN EDUCATION SYSTEM. – 2025. – Т. 3. – №. 33. – С. 22-25.
6. Eshimbetov U. et al. Territorial composition of agriculture in the Aral Sea Region of Uzbekistan //E3S Web of Conferences. – EDP Sciences, 2024. – Т. 510. – С. 01040.